

Kisa yon testaman ye?

Yon testaman se yon dokiman ekri ki di ki moun ki pral resevwa byen w apre lanmò ou. Si ou pa gen yon testaman, se lalwa ki deside ki moun ki pral resevwa byen ou yo. Epiou yon testaman kapab:

- Fè kado ba yon òganizasyon charitab,
- Kreye yon kont fidisyè (trust -yon fason pou kenbe byen pou yon lòt moun),
- Di ki moun ki peye nenpòt taks ou dwe, epi
- Nonmen yon gadyen pou pitit ou.

Tèm Enpòtan yo

- **Pwopriyete:** Tout sa ou posede lè ou mouri.
- **Reprezantan Pèsonèl:** Moun ki jere byen w yo apre lanmò w. Yo rele l tou yon ekzekitè.
- **Eritaj:** Moun ki benefisye pwopriyete w la.
- **Kont Fidisyè (Trust):**Yon fason pou kenbe byen ou pou benefis yon lòt moun.

Fè yon testaman

Pou w ekzekite yon testaman, ou dwe gen omwen 18 an epi ou dwe kapab konprann mantalman sa w ap fè a. Testaman w lan dwe:

- Fèt alekri,
- Dwe siyen devan temwen ak yon notè, epi
- Swiv lalwa Florid la.

Ou ka chanje testaman w lan lè w fè yon nouvo oswa lè w ajoute yon chanjman ofisyèl yo rele yon amannman. Ou pa ka chanje testaman w lan lè w bare bagay oswa ekri nouvo bagay apre yo fin siyen l.

Limit sou yon testaman

Gen kèk byen ou pa ka bay yon lòt moun nan yon testaman, tankou:

- Pwopriyete lakay ou si ou gen yon mari/madanm oswa yon pitit ki vivan,
- Pwopriyete ou posede sèlman pandan w an vi, oubyen
- Pwopriyete ou posede avèk yon lòt moun k ap benefisye l lè ou mouri.

Testaman ak règ pwopriyete yo kapab konplèks. Ou ta dwe pale ak yon avoka.